

Anket pou konprann abitid moun

Map poze w 25 kesyon pou m ka konprann abitid lakay ou. Chak kesyon gen twa repons posib. Chwazi repons ki vre preske tout tan *lakay ou* (mèk li ak chif 1). Pou repons ki vre pou ou pafwa, mèke li ak chif 2. Ou met kite twazyem repons vid.

1. Pou konnen kote w prale, ou :
 Itilize yon kat jeografi C
 Mande enfòmasyon H
 Mande Bondye direksyon P
2. Ki kote ou jwenn kapasite pou aprann yon metye :
 Aprantisaj ak obsèvasyon H
 Resevwa konesans sakre P
 Sa w aprann nan lekòl pwofesyonel C
3. Jan ou trete malad yo :
 Lapriyè ak sakrifis P
 Lapriyè epi malad bwe renmed yon preskripsyon doktè C
 Lapriyè epi malad bwe renmed fey H
4. Si yon moun ofanse w, ou konn:
 Pran revanj oswa ou santi w wont H
 Ale lajistis C
 Bay moun nan madichon P
5. Lè yon bebe fet ak yon anvi :
 Sa pa fe anyen C
 Se yon siy P
 Se yon tach anbarasan H
6. Lè w prezante tet out, ou bay
 Yon lòt non pou w kache vre identite w P
 Tout non w, ak tit ou H
 Prenon w ak okipasyon ou C
7. Ou li Bibla paske :
 Se yon eritaj paran ou kite pou ou H
 Sa ba w direksyon ak enstriksyon C
 Sa ba w benediksyon ek pwoteksyon P
8. Lè w fe yon bagay ki pa bon, sa:
 Ka afekte konsyans ou C
 Ka afekte so w oubyen destine w P
 Ka afekte repitasyon w H

9. Ou pa pase kote yo jete fatra paske:
- Ou pa vle yo avili w H
 - Kote sa gen move odè epi li gen mikrob ladan C
 - Se kote movez espri abite P
10. Bagay ki pi enpòtan pou fe w reyisi yon biznis se:
- Peye yon aksyon de gras P
 - Gen bon kontak H
 - Ekri yon bon plan pou jere biznis w C
11. Moun ki nan danje jwenn pwotesksyon nan :
- Lapolis C
 - Maji P
 - Zanmi yo H
12. Fanmi yon moun se :
- Paran li yo, ak madan oubyen mari li, ak pitit li yo C
 - Tout ras li H
 - Ras ak zanset li yo P
13. Paran yo ansenye pitit yo pou yo :
- Resevwa espri envizib yo P
 - Swiv pwop rev pa yo ak pasyon yo C
 - Fe sa sosyete a mande H
14. W ap plis chache:
- Sekirite ak lape P
 - Pozisyon sosyal ak repitasyon H
 - Egalite ak jistis C
15. Verite sòti nan:
- Tradisyon ak sa tout moun di H
 - Lasiyans ak enfòmasyon nan liv yo C
 - Bagay mistik P
16. Lè w ap vwayaje an Ayiti ou konn :
- Pase nan chemen pi kout C
 - Vizite kek fanmi sou wout la H
 - Evite kote ki fènwa P
17. Si yon fanm pa ka fe pitit :
- Mari li ap chache yon lòt fanm H
 - Li vizite yon otorite relije oubyen yon sanktyè P
 - Li vizite yon doktè C
18. Apre yon move kondwit, ou santi w :
- Enkyè P
 - Gen remò C
 - Enferyè H
19. Seremoni maryaj kòmanse :
- A lè C
 - Apre moun enpòtan gentan rive H
 - Nan yon periyod ki pote chans P
20. Ki kote ou jwenn manje ou manje yo?

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Nan mache oubyen jaden | H |
| <input type="checkbox"/> Nan lanati | P |
| <input type="checkbox"/> Non yon màket | C |
| 21. Moun ki gen plis ke 70 zan : | |
| <input type="checkbox"/> Jwenn anpil respe | H |
| <input type="checkbox"/> Gen anpil pouvwa..... | P |
| <input type="checkbox"/> Pa enpòtan | C |
| 22. Lidè yo toujou kenbe relasyon avek : | |
| <input type="checkbox"/> Moun kap swiv yo | C |
| <input type="checkbox"/> Moun ki gen anpil enfliyans | H |
| <input type="checkbox"/> Espri ki pwisan yo..... | P |
| 23. Moun dwe aji dapre : | |
| <input type="checkbox"/> Wòl yo ak prensip sosyete a etabli..... | H |
| <input type="checkbox"/> Regleman ki etabli pou moun viv | C |
| <input type="checkbox"/> Estrateji pou yo ka viv | P |
| 24. Moun ki gen lajan konn : | |
| <input type="checkbox"/> Itilize li pou ede lòt moun | H |
| <input type="checkbox"/> Pwoteje l kont malchans..... | P |
| <input type="checkbox"/> Sere l labank | C |
| 25. Kote yon vizitè chita sou tab : | |
| <input type="checkbox"/> Ka afekte sak pral pase demen..... | P |
| <input type="checkbox"/> Montre laj li e respe lòt moun gen pou li..... | H |
| <input type="checkbox"/> Pa enpòtan | C |

Ekri nan griy a enfòmasyon sou moun kap bay repons li yo :

- Kote li abite
- Laj li
- Seks li
- Relijyon li
- Nivo edikasyon li
- Sa li fe pou l viv